

SWEN MANMAN KANGOUROU

(Kò ak Kò)

Pou pèmèt bebe w la an sante e pou li ka devlope byen rapid.



Swen Manman Kangourou.....

- Li pèmèt bebe a pran pwa
- Li fè tanperati bebe a rete nòmal
- Li diminye anpil strès
- Ti bebe a pa krye ni nève fasil
- Li pèmèt kantite sik ki nan san rete nòmal
- Li fè kè bebe a bat nòmal e li fè li respire byen
- Kò bebe a gen plis mwayen pou defann li ak enfeksyon
- Li pèmèt alètman matènel ekskizif la bay pi bon rezulta

Pa blye:

Patnè a oubyen lòt moun ki nan kay la ka ede manman an tou!

Swen manman Kankourou mete pibon relasyon nan mitan moun nan kay la!



konbit sante
CAP-HAITIEN HEALTH PARTNERSHIP